Dina ñu wax ëllag ki jàngoon Alxuraan: Jàngal te yéeg, jàngal ni nga doon jànge ci àdduna, ndax sa kër moo ngi tolloog aaya bi ngay mujja jàng

Jële na ñu ci Abdullah Ibn Amr -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Dina ñu wax ëllag ki jàngoon Alxuraan: Jàngal te yéeg, jàngal ni nga doon jànge ci àdduna, ndax sa kër moo ngi tolloog aaya bi ngay mujja jàng».

[Tane na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak At-tirmisiy, ak An-nasaa'iy ca Al-kubraa, ak Ahmat]

Leerarug hdiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne kiy jàng Alxuraan te di ko jëfe, te taqoo ak moom cig jàng ak mokkal bu duggee àjjana dees na ko wax: jàngal Alxuraan, te yéeg ca darajay àjjana ya ndax loolu, jàngal ni nga doon jànge ci àdduna ci njàng mu teey te dal; sa kër moo ngi ci aaya bi ngay mujj a jàng.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65054